

Jwe se yon aktivite ki amizan. Blesi pa amizan!
Men kèk ti konsèy pou pwoteje timoun yo.

Konsèy Sekirite pou Jwèt

Pwoteje Timoun yo

Jwèt kapab toufe, trangle oswa sifoke.

- Jete balon plat ak plastik ak anbalaj plastik.
- Kenbe jwèt, bijou ak atik nan kay la avèk kòd, fisèl oswa grenn lwen timoun piti.
- Pa kite timoun piti jwe ak mab, sache plastik, oswa pwodwi pou timoun k ap fè dan ak jwèt ki gen pati ki piti oswa lach.

Jwèt yo kapab boule oswa ba yo chòk.

- Veye timoun yo byen lè yo jwe ak jwèt ki elektrik oswa vini ak chajè oswa adaptè.

Jwèt ka anpwazonnen oswa lakòz blesi entèn.

- Pa kite timoun vale oswa mete bijou, jwèt, souvni, batri bouton oswa leman nan bouch yo. Gen kèk bijou, jwèt ak souvni ki ka gen plon oswa lòt metal lou ki danjere pou lasante.

Jwèt yo kapab blese timoun yo.

- Evite jwèt ki gen pwent pwenti, pwent ak fil ki pa kouvri. Flechèt, wokèt lè ak lòt jwèt ki vole nan lè a ka lakòz blesi nan je.



Chwazi Bon Jwèt la pou Bon Laj la

- Li etikèt yo epi toujou swiv enstriksyon fabrikan an.
- Koresponn jwèt yo ak laj, enterè ak ladrès yon timoun.
- Kenbe jwèt pou timoun ki pi gran yo lwen ti bebe ak timoun piti.
- Pa janm achte oswa bay jwèt ki kase oswa yo mande retounen.



Ankouraje Timoun Monte Bisiklèt an Sekirite

- **Mete yon kask.** Tout moun ta dwe mete, epi se lalwa pou timoun 13 lane ak pi piti.
- **Monte bisiklèt an sekirite.** Swiv règ wout la. Timoun 12 lane ak pi piti yo gen dwa monte sou twotwa a.

Jwenn plis enfòmasyon

- Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York: Rele **311** oswa ale sou sitwèb nyc.gov epi chèche "**Healthy Homes**" (*Kay Pwòp*)
- Komisyon Etazini pou Sekirite Pwodui Konsomatè: recalls.gov
- Depatman Sante Eta New York: health.ny.gov/environmental/children/recalls
- Inisyativ Sekirite Sikilasyon Vizyon Zewo Vil New York la: nyc.gov/visionzero